



# EVERYONE EATS

## Community Cookbook

Recipes in English and Haitian Creole / Kreyòl Ayisyen  
Celebrating Cape Cod's Diverse Cultures



# TOUT MOUN MANJE!

Se yon Liv Kwizin Kominotè pou  
Jaden Etnik



# EVERYONE EATS

Community Cookbook



# EVERYONE EATS!

The Ethnic Garden Community Cookbook will introduce you to a variety of new, fresh vegetables and ingredients that are staples in the kitchens of our Portuguese, Haitian and Jamaican neighbors. They have shared these traditional, family recipes you can create at home.

This cookbook is the result of a unique collaboration between Buy Fresh Buy Local Cape Cod (BFBLCC), in collaboration with Cape Cod Cooperative Extension and its Agricultural/ Horticultural/ Nutrition/ Food Access Programs and the Community.

The vision for this project is to increase production and access to ethnic crops on Cape Cod by expanding the variety of locally grown produce at farm stands and Farmers' Markets. Seedlings and technical assistance for these crops were provided to local farmers and community and school gardens across the Cape. These gardens will provide an opportunity for hands-on education and demonstration for growing these crops and encourage others to create their own backyard gardens. This project is made possible with a grant from the Massachusetts Department of Agriculture (MDAR) in support of Massachusetts grown...and fresher, the state initiative to promote crops and products grown in Massachusetts.

Thanks to the Master Gardener Association of Cape Cod, and to Frank Mangan, Emeritus Professor, Stockbridge School of Agriculture, UMASS, Amherst for his assistance and permission to use images from [www.worldcrops.org](http://www.worldcrops.org).

Thanks to Cape Cod 5 Foundation for their assistance in supporting this cookbook & translations. Haitian Creole translation is available online at [www.capecodextension.org/nutrition/buyfreshbuylocal](http://www.capecodextension.org/nutrition/buyfreshbuylocal).

Be inspired to get creative in the kitchen with your children and friends, teaching and trying new recipes with fresh local products from our farmers and growers. Adopt these techniques and seasonings to enhance your own recipes with a new cultural twist. It's a big, beautiful world and everyone eats!



# TOUT MOUN MANJE!

Liv Kwizin Kominotè pou Jaden Etnik la (The Ethnic Garden Community Cookbook) pral prezante ou tout yon varyete nouvo legim fre ak engredyan ki se baz kwizin nan katye Pòtigè, Ayisyen, ak Jamayiken nou yo. Yo pataje resèt fanmi tradisyonnèl sa yo, ou kapab fè lakay ou.

Liv kwizin sa a, se rezilta yon kolaborasyon espesyal ant Buy Fresh Buy Local Cape Cod (BFBLCC), ki travay avèk Cape Cod Cooperative Extension ak Pwogram Agrikilti / Ôtikilti / Nitrisyon / Aksè pou Manje li yo, ak Kominote a.

Anbisyon pwojè sa a, se pou li ogmante pwodiksyon ak aksè pou danre etnik yo nan Cape Cod, lè li ogmante varyete pwodwi lokal ki nan etalaj fèm yo ak nan Mache Fèm yo. Yo te bay semans ak asistans teknik pou danre sa yo nan mache lokal ak nan jaden kominotè ak eskolè tout kote nan Cape.

Jaden sa yo pral pote opòtinite pou edikasyon nan travay pratik ak demonstrasyon nan kilti danre sa yo, epi sa pral ankouraje lòt moun fè pwòp jaden yo nan lakou yo.

Sa ki fè pwojè sa a posib, se yon sibvansyon ki soti nan Depatman Agrikilti Massachusetts (Massachusetts Department of Agriculture - ki rele tou MDAR) pou sipòte Massachusetts grown...and fresher (Danre ki kiltive nan Massachusetts... epi ki pi fre), ki se yon inisyative pou ankouraje danre ak pwodwi ki fèt nan Massachusetts.

N ap remèsye Master Gardener Association of Cape Cod, ansanm ak Frank Mangan, ki se Pwofesè Emerit nan Stockbridge School of Agriculture, UMASS, Amherst pou asistans li ak pou pèmisyon li bay pou sèvi avèk pòtre nou jwenn nan [www.worldcrops.org](http://www.worldcrops.org).

N ap remèsye Cape Cod 5 Foundation pou asistans li bay nan sipòte liv kwizin sa a, ak nan tradiksyon li yo. Ou ka jwenn tradiksyon an Kreyòl Ayisyen an anliy sèlman [www.capecodextension.org/nutrition/buyfreshbuylocal](http://www.capecodextension.org/nutrition/buyfreshbuylocal).

Ou mèt montre ou envantif nan kwizin ou avèk pitit ak zanmi ou, nan montre ak eseye nouvo resèt ki genyen pwodwi lokal fre ki soti nan jaden fèm yo ak kiltivatè nou yo. Adopte teknik ak asezonman sa yo pou amelyore pwòp resèt ou yo avèk yon nouvo adisyon kiltirèl. N ap viv nan yon tan ki bèl, epi tout moun manje !

## Contents

### Condiments

Homemade MSG-free Sazon	8
Epis (Haitian Seasoning Base)	8
Substitutes for Maggi	8

### Chayote

Brazilian Chayote with Shrimp	12
Jamaican Calabaza Soup with Chayote	14
Haitian Legume with Chayote	16
Brazilian Chayote with Chicken	18

### Okra

Haitian Okra Stew	22
Brazilian Chicken with Okra	24
Haitian Chicken with Okra and Djon-Djon	26
Jamaican Steamed Fish and Okra	28

### Jilo (Scarlet Eggplant)

Brazilian Jilo with fried Chicken Liver	32
Brazilian Omelette with Jilo	32
Brazilian Jilo Stuffing	34

### Callaloo

OLDWAYS Callaloo Soup	38
Jamaican Callaloo with Saltfish	40

### Purslane

Brazilian Purslane Broth Base & Potato Cod Soup	44
Brazilian Purslane Salad with Calabaza	46
Brazilian Purslane Omelette	46

## Sa ki nan Liv la

### Asezonnman

MSG Sazon ou fè Lakay ou	9
Epis (sòs asezonnman ayisyen)	9
Ranplasman pou Maggi	9

### Chayote (Militon oswa choko)

Militon Brezilyen ak Krevèt	13
Soup Jouwoumou Jamayiken ak Militon	15
Legim Ayisyen ak Militon	17
Militon Brezilyen ak Vyann Poul	19

### Okra (Gonbo oswa Kalalou)

Sòs Kalalou Ayisyen	23
Vyann Poul Brezilyen nan Kalalou	25
Vyann Poul Ayisyen nan Kalalou ak Djon-Djon	27
Koubouyon Pwason Jamayiken nan Kalalou	29

### Jilo (Berejenn Scarlet)

Jilo Brezilyen ak Fwa Poul Fri	33
Omlèt Brezilyen ak Jilo	33
Fas pou Jilo Brezilyen	35

### Callaloo (Gonbo)

ANSYEN Soup Gonbo	39
Gonbo Jamayiken ak Pwason Sale	41

### Purslane (Poupye)

Poupye Brezilyen nan Sòs ak Soup Lanmori avèk Pòm detè	45
Salad Poupye Brezilyen avèk Jouwoumou	47
Omlèt Poupye Brezilyen	47

# CONDIMENTS ASEZONNMAN

### Homemade MSG-free Sazon

Store bought SAZÓN® contains MSG. This alternative is also salt free!

Note: 1-1/4 teaspoons homemade = 1 packet

2 tablespoons garlic powder

2 tablespoons cumin

1/4 teaspoon turmeric

2 tablespoons ground coriander

3 tablespoons ground annatto

1 tablespoon oregano

Mix well and store in a glass container for up to 6 months.

Reference: <https://latinamommeals.com/homemade-sazon-seasoning-mix/>

### Epis (Haitian Seasoning Base)

Epis is the foundation for most Haitian dishes, often added to recipes that do not call for it. Basil brings a freshness to this version; you can also add thyme. In Haiti, a mortar and pestle is used, but a food processor is much faster. Use to season meats, soups, rice, and more.

Chop coarsely:

1 small onion

1/2 green bell pepper

1/2 red bell pepper

1/2 yellow bell pepper

6 scallions

6 garlic cloves

1 cup parsley leaves with tender stems

1/2 cup olive or canola oil

6 basil leaves

Reference: <https://www.epicurious.com/recipes/food/views/epis-haitian-seasoning-base>

### Substitute For Maggi Seasoning

Mix equal quantities of Worcestershire sauce and soy sauce.

OR - Use tamari (wheat free soy sauce). The flavor is not as complex.

OR - Use Bragg's Liquid Aminos. It's less salty than Maggi, add to taste.

Suggest using 2 tablespoons per quart of water/stock.

### Sazon ou fè Lakay ou san MSG

SAZÓN® ou achte nan makèt la gen MSG ladan. Altènativ sa a san sèl tou !

Remak : 1-1/4 ti kiyè sazon ou fè lakay ou = 1 pakèt

2 gran kiyè poud lay

2 gran kiyè kòmin

1/4 ti kiyè timerik

2 gran kiyè koryandè moulen

3 gran kiyè annato moulen

1 gran kiyè oregano

Melanje byen, epi kite li poze nan yon bokal an vè pandan jiska 6 mwa.

Referans : <https://latinamommeals.com/homemade-sazon-seasoning-mix/>

### Epis (Sòs Asezonnman Ayisyen)

Epis se baz pifò nan manje ayisyen, epi yo konn ajoute yo souvan nan resèt ki pa di mete yo. Bazilik la mete frechè nan vèsyon sa a, men ou mèt ajoute ten tou. Ann Ayiti, yo sèvi avèk yon mòtye ak yon manch pilon, men yon malaksè pi rapid anpil. Sèvi avèk li pou asezonnen vyann, soup, diri, ak lòt manje ankò.

Rache an gwo moso :

1 ti zoyon

1/2 pwavwon vèt

1/2 pwavwon wouj

1/2 pwavwon jòn

6 zechalòt

6 gous lay

1 tas fèy pèsi ki gen bwa mou

1/2 tas lwil kànola oswa lwil doliv

6 fèy bazilik

Referans: <https://www.epicurious.com/recipes/food/views/epis-haitian-seasoning-base>

### Ranplasman pou Sòs Maggi

Melanje an kantite egal sòs Worcestershire ak sòs soya.

OUBYEN - Sèvi avèk tamari (sòs soya san ble). Gou a pa konplèks menm jan.

OUBYEN - Sèvi avèk Amino Likid Bragg. Li gen mwens sèl pase Maggi, kidonk ajoute sèl pou ba li gou.

Sijesyon : sèvi avèk 2 gran kiyè pou chak ka dlo / kawo.



# CHAYOTE

---

# MILITON OSWA CHOKO

## Chayote

Portuguese Translation: Chuchu

Creole Translation: Militon or choko

Chayote is a type of squash that is technically a fruit, but is treated as a vegetable in the kitchen. Popular in dishes throughout Central and South American cuisines, they are green and pear shaped, with a bumpy flesh. They grow on climbing vines, much like a cucumber or squash. Chayote can be eaten raw in a variety of manners, or cooked. Flavor wise, chayote is mild and crisp, with an apple-like crunch. It is considered sweet, juicy and fresh.

Reference: [What is Chayote & How Do I Cook With It? \(savorystudies.com\)](https://savorystudies.com/2018/05/15/what-is-chayote-how-to-cook-with-it/)

## Chayote / Militon oswa choko

Militon se yon kalite legim ki teknikman ta dwe rele yon fwi, menm ki trete tankou yon legim nan kwizin. Li popilè nan manje yo fèt nan tout kwizin Amerik Santral ak Amerik Disid, li vèt epi li gen fòm yon pwa, epi kò li fè boul. Li pouse tankou yon plant grenpant, menm jan ak konkonm oswa skwach. Ou ka manje militon kri nan plizyè jan, oswa kwit li. Pou gou li, militon an mou epi li kwoustiyan, epi li kraze nan bouch ou tankou yon pòm. Yo konsidere li dous, li gen ji, epi li fre.

Referans : [Kisa Militon ye, epi Kouman pou Mwen Kwit li : \(savorystudies.com\)](https://savorystudies.com/2018/05/15/what-is-chayote-how-to-cook-with-it/) .

## Brazilian Chayote with Shrimp

### Ingredients:

- 2 lbs. medium shrimp, raw, without shell
- 2-1/2 teaspoons homemade sazón seasoning, divided OR 2 packets SAZÓN®
- 1 lemon
- 2 tablespoons olive oil
- 1 medium onion, chopped
- 2 cloves garlic, chopped
- 3 medium chayote, chopped
- 3 tomatoes, peeled, seeded, chopped
- 1/2 cup boiling water
- 1 teaspoon salt

### Directions:

1. Sprinkle shrimp with 1-1/4 teaspoons of sazón and lemon juice, marinate for 10 minutes.
2. In a large saucepan, sauté onion and garlic in oil until transparent over medium high heat.
3. Add the chayote and tomatoes. Cook for 5 minutes or until the tomatoes start to dissolve.
4. Add 1-1/4 teaspoons of sazón and boiling water. Let it cook, partially covered for 15 minutes or until chayote is soft.
5. Add shrimp and salt, cook uncovered for 10 minutes.
6. Remove from heat and serve.

Reference: <https://www.saboresajinomoto.com.br/receita/chuchu-com-camaroes>

## Militon Brezilyen ak Krevèt

### Engredyan :

- 2 liv krevèt gwochè mwayen, kri, san po
- 2-1/2 ti kiyè sòs sazón ou fè lakay ou, divize OUBYEN 2 pakèt SAZÓN®
- 1 sitwon
- 2 gran kiyè lwil doliv
- 1 zoyon mwayen, tranche
- 2 gous lay, tranche
- 3 militon mwayen, tranche
- 3 tomat kale, san grenn, tranche
- 1/2 tas dlo k ap bouyi
- 1 ti kiyè sèl

### Enstriksyon :

1. Aspèje krevèt yo avèk 1-1/4 ti kiyè sazón ak ji sitwon, epi marinen yo pandan 10 minit.
2. Sote zoyon ak lay nan lwil, nan yon gwo bòl sou chalè mwayen, jouktan lwil la vin transparan.
3. Mete militon ak tomat yo ladan. Kite yo kwit pandan 5 minit oswa jouktan tomat yo kòmanse fonn.
4. Mete ladan 1-1/4 ti kiyè sazón ak dlo k ap bouyi. Kite yo kwit, demi kouvri, pandan 15 minit oswa jouktan militon an vin mou.
5. Mete ladan krevèt yo ak sèl, epi kite yo kwit pandan 10 minit.
6. Retire yo sou dife epi sèvi yo.

Referans: <https://www.saboresajinomoto.com.br/receita/chuchu-com-camaroes>

## Jamaican Calabaza Soup with Chayote

### Ingredients:

- 2 quarts water
- 2 quarts chicken stock (use vegetable stock and omit chicken for meatless option)
- 1-1/2 lbs. Calabaza squash
- 2 white onions, julienned
- 1 Scotch Bonnet pepper, optional
- 2 sprigs fresh thyme or 1/2 teaspoon dried
- 20-30 pimentos
- 1 cup frozen mixed vegetables/corn
- 2 chayote, peel and chop
- 2 carrots, diced
- 1 lb. yam, peeled and cubed
- 2 chicken breasts remove skin and bones, cut into cubes
- 2 scallions, diced
- 1 sweet potato, peeled and cubed

### Directions:

1. In a large pot bring water and stock to a boil.
2. Add calabaza, thyme, dried pimentos, white onions and Scotch Bonnet (optional).
3. Bring back to boil and add chayote, carrots, yam and frozen mixed vegetables/corn.
4. Cut chicken breasts in cubes and add to pot.
5. Let the soup slow boil for 1–1/2 hours on medium heat, stir occasionally.
6. Peel and cube the sweet potato, add to pot, partially covered and cook for 20-30 minutes on low heat until the sweet potato breaks up in the soup.
7. Garnish with scallions and add salt and pepper to taste.

Reference: <https://myreallifetips.com/recipe/jamaican-pumpkin-soup-hearty-and-savory>

Calabaza is an important vegetable in many Brazilian recipes and is used in salads, soups, and meat dishes. It has deep orange flesh and is a relative of Butternut and other hard squashes grown in New England.

## Soup Jouwoumou Jamayiken ak Militon

### Engredyan:

- 2 ka dlo
- 2 ka bouyon poul (si w ap fè manje san vyann, sèvi avèk bouyon legim san mete vyann poul la)
- 1-1/2 liv skwach jouwoumou
- 2 zoyon blan, an jiliyèn
- 1 pwavwon Scotch Bonnet, fakiltatif
- 2 branch ten fre, oswa ½ ti kiyè ten seche
- 20-30 piman
- 1 legim jele melanje / mayi
- 2 militon, kale ak tranche
- 2 kawòt, tranche
- 1 liv yanm, kale ak dekoupe
- 2 blan poul san po ni zo, dekoupe an kib
- 2 zechalòt, tranche
- 1 pòm detè dous, kale ak dekoupe an kib

### Enstriksyon:

1. Mete yon gwo mamit dlo sou dife jouktan li kòmanse bouyi.
2. Mete ladan jouwoumou, ten, piman seche, zoyon blan, ak Scotch Bonnet (fakiltatif).
3. Kite mamit la bouyi ankò, epi mete militon, kawòt, yanm, legim jele melanje / mayi.
4. Koupe blan poul yo an kib, epi mete yo nan mamit la.
5. Kite soup la bouyi pandan 1-1/2 èdtan sou chalè mwayen, brase tanzantan.
6. Kale ak tranche patat dous la, mete li nan mamit la, kouvri pasyèlman, epi kite yo kwit pandan 20 - 30 minit sou ti dife jouktan patat dous la kòmanse kraze nan soup la.
7. Dekore avèk zechalòt, epi mete sèl ak pwav pou bay gou.

Referans: <https://myreallifetips.com/recipe/jamaican-pumpkin-soup-hearty-and-savory>

Jouwoumou se yon legim enpòtan nan anpil resèt brezilyen, epi li sèvi nan salad, nan soup, oubyen avèk vyann. Anndan li gen yon koulè zoranj fons, epi li nan menm fanmi avèk sitwouy ak lòt skwash di yo kiltive nan New England.



## Haitian Legume with Chayote from Marie Celin

### Ingredients:

1-1 ½ lb. stew beef  
1/2 cup Haitian seasoning/Epis  
2 limes  
2-3 tablespoons tomato paste  
3-4 cups cabbage, chopped  
2-4 carrots, thinly sliced  
4 chayote squash, peeled, sliced  
4 cups spinach  
1 cup French cut green beans  
4 garlic cloves, minced  
1-2 Scotch bonnet peppers  
2 bell peppers, diced  
2 sprigs thyme  
1 teaspoon garlic powder  
1/8 teaspoon clove powder  
1 teaspoon onion powder  
1 teaspoon salt  
4 cloves  
2 - 3 chicken bouillon cubes or stock

### Directions:

1. Marinate meat with 1/4 cup of Epis seasoning and lime juice.
2. Brown meat over medium-low heat in a heavy-bottom pot. Add tomato paste, garlic, seasonings, Maggi cubes (or substitute) and water/broth to cover and cook meat until tender.
3. Cook your veggies separately.
4. Mash the vegetables with a pestle or wooden spoon until the mixture is well blended, but not too mushy. Add them to your meat, layering them accordingly.
5. Add carrots and string beans, cover and continue cooking until tender. If the pan dries out, add 1/4 cup of water to steam carrots and string beans.
6. Add bell peppers. Cover and simmer for 10 minutes or until all liquid is absorbed. Stir until well mixed and serve.

## Legim Ayisyen ak Militon, resèt Marie Celin

### Engredyan:

1 - 1 ½ liv ragou vyann bèf  
1/2 tas asezonnman / epis ayisyen  
2 sitwon  
2 - 3 gran kiyè pat tomat  
3 - 4 tas chou, tranche  
2 - 4 kawòt, tranche fen  
4 militon skwach, kale ak tranche  
4 tas zepina  
1 tas pwa Frans  
4 gous lay, dekoupe  
1 - 2 pwavwon Scotch Bonnet, fakiltatif  
2 pwav, tranche  
2 branch ten  
1 ti kiyè poud lay  
1/8 ti kiyè poud jiwòf  
1 ti kiyè poud zoyon  
1 ti kiyè sèl  
4 jiwòf  
2 - 3 kib oswa kawo bouyon poul

### Enstriksyon:

1. Marinen vyann lan avèk 1/4 tas Epis asezonnman ak ji sitwon.
2. Fè vyann lan pran koulè sou chalè fèb - mwayen nan yon kaswòl ki gen fon epè. Mete ladan pat tomat, lay, asezonnman, kib Maggi (oubyen ranplasman), epi mete dlo / fè li bouyi kouvri pou kwit li jouktan vyann lan vin mou.
3. Kwit legim yo separeman.
4. Brase legim yo avèk yon espatil oswa yon kiyè bwa jouktan melanj lan byen brase, san li pa vin twò pat. Mete yo sou vyann lan, pou fè plizyè kouch.
5. Mete ladan kawòt ak pwa vèt, kouvri, epi kite yo kontinye kwit jouktan yo mou. Si sa ki nan kaswòl la seche, mete 1/4 tas dlo pou benyen kawòt ak pwa vèt yo.
6. Mete ladan pwavwon. Kouvri, epi kite yo kwit pandan 10 minit oubyen jouktan tout likid la fin absòbe. Brase pou melanje manje a byen, epi sèvi li.

### **Brazilian Chayote with Chicken** from Marly Pereda

Chuchu com Frango

Ingredients:

4 chayote, sliced in half lengthways, peel, remove pit and dice in 1/2" cubes

1 onion, diced

1 tablespoon Epis

1 Maggi cube OR 1 tablespoon each: Worcestershire and soy sauces

1/2 cup water

2 cups, pre-cooked shredded chicken

2-3 scallions, sliced

Spice mix:

1/2 teaspoon Black pepper

1 teaspoon Himalayan pink salt

1/4 teaspoon Azafran (Saffron)

1/2 teaspoon nutmeg

Directions:

1. Heat oil in fry pan, add onion and sauté until transparent.
2. Add Epis and mix well.
3. Add chayote and sauté for 2-3 minutes.
4. Add spice mix and Maggi substitute or cube, mix well. Add 4 oz. water and stir to blend.
5. Cover pan and let simmer for 5 minutes.
6. Add shredded chicken, mix well. Top with scallions and let simmer until chayote is soft and some of the liquid is absorbed.

Reference: <https://www.youtube.com/watch?v=1PsoRdZRmLM>

### **Militon Brezilyen avèk Vyann Poul**, resèt Marly Pereda

Chuchu com Frango

Engredyan :

4 militon, koupe an 2 nan sans longè a, kale, retire grenn yo, epi dekoupe an kib 1/2 pous

1 zoyon, tranche

1 gran kiyè Epis

1 kib Maggi, OUBYEN 1 gran kiyè pou ranplase kib la : Sòs Worcestershire ak sòs soya

1/2 tas dlo

2 tas vyann poul rache ki kwit davans

2 - 3 zechalòt, tranche

Melanj epis :

1/2 ti kiyè pwav nwa

1 ti kiyè sèl wòz Imalaya

1/4 ti kiyè Azafran (Saffron)

1/2 ti kiyè kannèl

Enstriksyon :

1. Chofe lwil nan yon pwelon, mete zoyon, epi sote jouktan melanj lan transparan.
2. Mete Epis ladan, epi melanje byen.
3. Mete militon, epi sote pandan 2 - 3 minit.
4. Mete melanj epis, ak ranplasman Maggi oswa kib, melanje byen. Mete 4 ons dlo, epi brase pou melanje.
5. Kouvri pwelon an, epi kite li sou dife pandan 5 minit.
6. Mete vyann poul dekoupe a, epi melanje byen. Mete zechalòt sou li, epi kite li sou dife jouktan militon an mou, epi genyen nan likid la ki absòbe.

Referans: <https://www.youtube.com/watch?v=1PsoRdZRmLM>



# OKRA

## GONBO OSWA KALALOU

### Okra

Portuguese Translation: Quiabo

Creole Translation: Gombo or Kalalou

Okra plays an important role in Haitian cuisine. The Brazilian culture also incorporates okra in their cooking. It is often a part of soups, stews, and side dishes. In Haiti, okra is added to beef stew and oxtail. It works as a thickener for soups and stews. A regional specialty in Haiti that includes okra is called “tonmtonm” a mashed breadfruit that is served with a spicy sauce of okra and meat, fish or crab. Haitian food has its roots in Creole cuisine, which okra is a large part of, especially noted in the American form of gumbo.

### Okra / Gonbo oswa Kalalou

Kalalou jwe yon wòl enpòtan nan kwizin ayisyen. Kilti brezilyen an genyen kalalou tou nan manje yo kwit. Yo konn mete li souvan nan soup, nan bouyon, ak nan manje sou kote. Ann Ayiti, yo mete kalalou nan soup ak nan bouyon ke bèf. Li sèvi pou bay soup oswa bouyon an epesè. Gen yon espesyalite reyonnal ann Ayiti jki rele "tonmtonm", ki se yon lamveritab yo kraze pou sèvi nan yon sòs pike ki gen kalalou ak vyann, oswa pwason, oswa krab. Manje ayisyen gen rasin li nan kwizin kreyòl, kote kalalou jwe yon wòl enpòtan, espesyalman nan fòm gonmbo ameriken an.

### **Haitian Okra Stew** from Marie Celin

#### Ingredients:

6 lbs. beef neck bones or stewing beef  
2 limes  
1 cup vinegar  
1/4 cup Epis  
1 green bell pepper, sliced thin  
1 red bell pepper, sliced thin  
2 pounds okra, fresh or frozen, snip ends and keep whole  
2 teaspoons butter  
1 red onion, sliced thin  
1 Scotch Bonnet pepper  
2 Maggi cubes OR 2 tablespoons each: Worcestershire and soy sauces

#### Directions:

1. Marinate meat with Epis seasoning and juice of 2 limes.
2. On medium-high heat, steam meat, covered, in the marinated juices for 30 minutes. When meat juices start evaporating add tomato paste with 1/2 cup of water and continue browning for 20 minutes, stirring occasionally on medium heat.
3. Add okra, and thyme with 1/4 cup water cover and cook for 20 minutes.
4. Add 4 cups water, scotch pepper, Maggi or substitute, butter and bring to a boil, cook for 20 minutes, stirring every 10 minutes. Add sliced onions at the end.

### **Bouyon Kalalou Ayisyen**, resèt Marie Celin

#### Engredyan :

6 liv zo kou bèf, oubyen vyann bèf an sòs  
2 sitwon  
1 tas vinèg  
1/4 tas Epis  
1 pwavwon vèt, dekoupe fen  
1 pwavwon wouj, dekoupe fen  
2 liv kalalou, fre oubyen jele, koupe pwent yo, men kite kalalou yo antye  
2 ti kiyè bè  
1 zoyon wouj, dekoupe fen  
1 pwavwon Scotch Bonnet  
2 kib Maggi, OUBYEN 2 gran kiyè pou chak kib, Sòs Worcestershire ak sòs soya

#### Enstriksyon:

1. Marinen vyann lan nan asezonnman Epis ak ji ki soti nan 2 sitwon.
2. Mete vyann lan kwit sou chalè mwayen, kouvri li nan sòs k ap marinen an pandan 30 minit. Lè sòs vyann lan kòmanse evapore, mete pat tomat ladan avèk 1/2 tas dlo, epi kontinye fè li pran koulè pandan 20 minit, pandan w ap brase li tanzantan sou chalè mwayen.
3. Mete kalalou, ak ten, ak 1/4 tas dlo, kouvri, epi kite li kwit pandan 20 minit.
4. Mete 4 tas dlo, pwavwon ekosè, Maggi oswa ranplasman li, ak bè epi kite yo bouyi pandan 20 minit, epi brase chak 10 minit. Mete zoyon dekoupe ladan lè li fin kwit.

### **Brazilian Chicken with Okra**

#### Ingredients:

- 2 lbs. skinless chicken legs or thighs
- Juice of 1/2 lemon
- 1 lb. okra
- 3 tablespoons oil
- 1 onion, sliced thin
- 1 peeled and seeded tomato, chopped
- 4 oz. of boiling water
- 7 oz. heavy cream OR a box of white Mococa sauce

#### Directions:

1. Drizzle lemon juice over chicken, set aside.
2. Slice okra into 3/4" rounds. Heat a tablespoon of oil and sauté.
3. Remove okra and set aside. Using the same pan, heat two tablespoons of oil and fry the chicken pieces for about 15 minutes.
4. Add the onion, tomato and sauté a little more. Add water and cook, uncovered, for approximately 10 minutes.
5. Lower the heat, add okra and cook for 5 minutes, shaking the pan from time to time.
6. Add cream, adding a little water, if necessary. Heat gently (do not boil), top with parsley and serve.

Reference: <https://blog.tudogostoso.com.br/cardapios/receitas-praticas-com-quiabo/>

### **Vyann Poul Brezilyen nan Kalalou**

#### Engredyan :

- 2 liv vyann oubyen kwis poul san po
- Ji ki soti nan 1/2 sitwon
- 1 liv kalalou
- 3 gran kiyè lwil
- 1 zoyon, dekoupe fen
- 1 tomat kale ki san grenn, tranche
- 4 ons dlo k ap bouyi
- 7 ons krèm epè OUBYEN yon bwat sòs Mococa blan

#### Enstriksyon :

1. Prije ji sitwon sou vyann poul la, epi depoze kaswòl la sou kote.
2. Dekoupe kalalou yo an wondèl 3/4 pous. Chofe yon gran kiyè lwil epi sote yo.
3. Retire kalalou a sou dife. Nan menm kaswòl la, chofe 2 gran kiyè lwil epi fri moso poul yo pandan anviwon 15 minit.
4. Mete zoyon ak tomat, epi sote pandan yon ti moman ankò. Mete dlo, epi kwit san kouvri pandan 10 minit ankò.
5. Bese chalè a, mete kalalou epi kwit pandan 5 minit, pandan w ap souke kaswòl la tanzantan.
6. Mete krèm epi vide yon ti kantite dlo ladan, si sa nesesè. Chofe sou ti dife (san bouyi), sopoudre avèk pèsi, epi sèvi.

Referans: <https://blog.tudogostoso.com.br/cardapios/receitas-praticas-com-quiabo/>

## Haitian Chicken with Okra and Djon-Djon

### Ingredients:

- 4 each chicken thighs and legs
- 2 garlic cloves, minced
- 2 scallions, sliced thin
- 2 tablespoons chopped parsley
- 1 teaspoon thyme (leaves only)
- 2 whole cloves
- 1/2 cup of green bell peppers, sliced thin
- 1 medium onion, sliced
- 1–1/2 teaspoons sea or kosher salt
- 3 tablespoons lime juice or apple cider vinegar
- 1 pound fresh or frozen okra, tips removed (use whole or sliced)
- 1/4 teaspoon hot pepper chopped thinly (optional)
- \*\*1/2 cup Djon-Djon (dried mushrooms) OR 2 Maggi djon-djon cubes OR Maggi substitute
- Vegetable oil for frying

### Directions:

1. Remove fat and skin from the chicken. Place in shallow bowl and set aside.
2. In a small bowl, mix herbs, spices, green peppers and onions with lime juice or vinegar.
3. Spoon this mixture to evenly coat chicken. Refrigerate and let marinate for one to two hours, or overnight for more flavor.
4. If using dried mushrooms (Djon-Djon), soak 1/2 cup in 2 cups of water for 45 minutes. Bring to a boil and cook 10 minutes. Cool, strain liquid and put aside. Liquid is used to cook chicken.
5. Remove chicken from the marinade, and pat dry if possible. Set marinade aside.
6. In a large skillet, heat oil. Fry each chicken piece until golden brown and set aside.
7. Add remaining marinade and cook for 3 minutes. Add chicken. Scatter okra on chicken.
8. Dissolve Maggi djon-djon into 3/4 cup water. Add water to chicken and cook covered on medium heat for about 20 minutes.
9. Add salt and pepper to taste, and hot pepper if using, and cook for 10 minutes until chicken and okra are tender. Remove from heat and serve with rice or root vegetables.

\*\*Djon-Djon is a mushroom cultivated in Haiti and sold dried. You can use dried mushrooms or replace with Maggi substitute.

Reference: [Chicken with Okra and Djon-Djon | NOUBESS | Caribbean Green Living](#)

## Vyann Poul Ayisyen nan Kalalou ak Djon-Djon

### Engredyan :

- 4 kwis ak 4 janm poul
- 2 gous lay, dekoupe
- 2 zechalòt, dekoupe fen
- 2 gran kiyè pèsi, dekoupe
- 1 ti kiyè ten (fèy sèlman)
- 2 jiwòf antye
- 1/2 tas pwavwon vèt, dekoupe fen
- 1 zoyon mwayen, dekoupe
- 1-1/2 ti kiyè sèl lanmè oswa sèl "kosher"
- 3 gran kiyè ji sitwon oswa vinèg sid
- 1 liv kalalou fre oubyen jele, san pwent yo (kalalou antye oubyen dekoupe)
- 1/4 ti kiyè piman ki dekoupe fen (fakiltatif)
- \*\*1/2 tas Djon-Djon (chanpiyon seche) OUBYEN 2 kib djon-djon Maggi OUBYEN ranplasman pou Maggi
- Mete lwil vejetal pou fri

### Enstriksyon :

1. Retire grès ak po ki sou vyann poul la. Depoze yo nan yon bòl ki pa fon, epi mete bòl la sou kote.
2. Sèvi avèk yon ti bòl pou melanje fèy, epis, pwavwon vèt, ak zoyon yo nan ji sitwon oswa nan vinèg.
3. Sèvi avèk yon kiyè pou woze vyann poul la avèk melanj sa a. Mete nan frijidè, epi kite yo marinen ant 1 ak 2 èdtan, oubyen pandan tout nwit la si ou vle yo pran plis gou.
4. Pou sèvi avèk chanpiyon seche (Djon-Djon), mete 1/2 tas chanpiyon an tranpe nan 2 tas dlo pandan 45 minit. Fè yo bouyi, epi kwit yo pandan 10 minit. Kite yo frèt, fè likid la koule, epi depoze tout sou kote. Likid la ap sèvi pou kwit poul la.
5. Retire vyann poul la nan marinad la, epi tape li pou seche li si sa posib. Depoze marinad la sou kote.
6. Chofe lwil la nan yon gwo pwelon. Fri chak moso poul jouktan li pran koulè jòn, epi mete li sou kote.
7. Ajoute marinad ki rete a, epi kwit pandan 3 minit. Ajoute vyann poul la. Simen kalalou sou vyann poul la.
